



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES DEPOZE YON POUSWIT
JIDISYÈ ELAJI KONT KOMISYON MIKS ENTÈNASYONAL POU DOMAJ
INONDASYON SIBSTANSYÈL**

***Pouswit Pretann ke IJC Te Echwe pou Aplike Pwotokòl Inondasyon li epi Pote
Sekou pou Pwopriyetè Rivren yo***

Li ap ajoute sou pouswit Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York kont Komisyon Entènasyonal Miks, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral Letitia James jodi a te depoze yon pouswit jidisyè elaji nan non Eta New York la kont IJC dèske li pa aplike pwotokòl inondasyon li yo pou Baraj Elektrik Moses-Saunders.

Espesyalman, IJC a te opere anba yon pwotokòl ke yo rekonèt kòm "Plan 2014", ki egzije ke lè nivo dlo a rive nan nivo ekstrèmman wo, baraj la "dwe fonksyone pou bay tout soulajman posib pou pwopriyetè rivren yo an amon ak an aval". Kòm yon rezulta aksyon IJC yo ak echèk yo pou aji an repons a inondasyon nan ane 2017 ak 2019, New York te sibi domaj sibstansyèl ak potansyèlman evitab.

Pouswit sa a ogmante sou pouswit ki te depoze pa DEC mwa pase a nan tou enkli domaj ki fèt pa tout ajans leta yo, enkli DEC, ki kolektivman reprezante plis pase 50 milyon dola.

"Move jesyon IJC nan nivo dlo nan Lak Ontario te fè ravaj sou kominate rivren vilnerab yo ak domaj ki te lakoz yon pri ke Eta New York la oswa pwopriyetè yo pa ta dwe sipote ke Komisyon an te sipoze pwoteje", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "IJC a te konplètman inyore plent nou yo epi yo pa te pran okenn mezi pou amelyore sitiayson an, e pouswit elaji sa a pral pèmèt nou amelyore depans domaj yo pi byen, epi fè komisyon an responsab."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Komisyon Entènasyonal Miks lan (International Joint Commission, IJC) echwe nan misyon prensipal yo pou byen jere nivo dlo Lak Ontario yo. Nou pa pral kanpe gade pandan IJC a ap kontinye ekspoze mound New York a inondasyon danjere. Moun yo ak fanmi yo sou bò litoral la pa merite doulè pou fè fas ak domaj nan kay yo ak biznis yo—domaj ki te kapab evite an premye lye. Nou espere ke pouswit sa a pral potepwoteksyon, sekirite, ak jistis pou moun ki pi afekte pa neglijans IJC a".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos te deklare, "Remèsiman m a biwo Pwokirè Jeneral la dèske li asosye a efò nou yo pou bay viktim enkonpetans brit IJC yo jistis. IJC a te gen yon sèl travay - jere nivo dlo a pou pwoteje moun ak pwopriyete - epi li echwe mizerableman. Sa a se yon ka ki klè ki afekte

rezidan litoral yo ki se viktим yo, epi IJC a responsab. Nou akeyi pouvwa a nan biwo AG la ak paka tann pou prezante ka nou an nan tribunal la".

OAG ap pote aksyon sa a sou non depatman ak ajans Eta New York la, ki gen ladan, men ki pa limite a DEC; Depatman Transpòtasyon; Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ipou jans; Divizyon Afè Militè ak Lamarin; ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Dirije pa Gouvènè Cuomo, [DEC te inisyé litij kont IJC a nan dat 9 Oktòb 2019.](#)

Aksyon jodi a enkli premye plent DEC, ansanm ak ajoute enpak sou lòt ajans Eta New York yo.

Biwo Pwokirè Jeneral la ak Biwo Gouvènè Cuomo a ap chache domaj konpansasyon ki depase 50 milyon dola pou domaj ki enkli ladan yo:

- Domaj nan pwopriyete eta yo;
- Domaj ki konsiste de lajan Eta a te depanse ak pral depanse pou fè reparasyondomaj sou pwopriyete yo, minisipalite, ak rezidan yo; ak
- Domaj nan resous natirèl, ki gen ladan valè aktivite lwazi ki pèdi yo.

Inondasyon sou litoral yo Lak Ontario yo an 2017 te koute Eta a domaj kii depase 4 milyon dola, enkli domaj nan pak Eta yo, plaj, kan, waf bato, ak lansman bato. Sa a te dezastre pou plizyè milye biznis ak moun New York toutolon litoral Lak Ontario nan konte Niagara, Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga, Jefferson, ak St. Lawrence.

Anplis de sa, an 2019, inondasyon te koute Eta a domaj pwopriyete Eta a ki depase 2 milyon dola. Piblik la pèdi valè itilizasyon kèk enstalasyon pandan yo te fèmen pou reparasyon yo oswa rete anba dlo anba inondasyon. Yo te deklare yon ijans pou konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence ak Wayne akòz domaj ki te koze pa wo nivo dlo pèsistan nan Lak Ontario. Eta a te aktive Sant Operasyon Dijans Eta a pou 125 jou pou li fè operasyon nan uit konte New York ak dè santèn de kilomèt litoral.

Plizyè ajans Eta yo te fè depans sibstansyèl tou ki gen rapò ak repons yo ak inondasyon an. DEC ak Gad Nasyonal New York la te fòtifye pwopriyete bò lanmè piblik ak prive avèk baryè dlo ak lòt ekipman. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te deplwaye sak sab, machin sab, ponp, ak baryè dlo.

DHSES te aktive tou Sant Operasyon Dijans Eta a pou 125 jou pou kondwi operasyon nan uit (8) Konte New York ak plizyè santèn de kilomèt itoral. Depatman Transpòtasyon an te sipèvize operasyon ranplisaj sak sab yo epi li te aktive sistèm kòmand ensidan an. An total, depans repons ajans Eta yo te depase 37 milyon dola.

Anplis de sa, Eta a te depanse plis pase 100 milyon dola pou ede pwopriyetè kay yo, ti biznis yo, minisipalite yo, ak lòt moun repare domaj pwopriyete de inondasyon 2017 ak 2019 la. Lajan sa yo te distribiye atravè Biwo Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a nan koneksyon avèk Pwogram Sibvansyon pou Sekou ak Rekiperasyon Inondasyon Lawrence Seaway, ansanm avèk Empire State Development ak Fon pou Rekiperasyon ti biznis Lake Ontario.

Trete US-Great Britain Boundary Waters, Plan 2014, Lòdonans Apwobasyon Siplemantè 2016 la, ak lòt lwa aplikab enpoze yon devwa sou IJC pou eksplwate baraj la nan yon fason ki pwoteje enterè pwopriyetè pwopriyete rivren yo sou Rivaj New York Lake Ontario yo epi ki respekte yon estanda swen rezonab pou moun ki mèt pwopriyete yo.

Afè sa a te okipe pou Biwo pou Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Bureau) Pwokirè Jeneral la pa Asistan Pwokirè Jeneral Matthew J. Sinkman, anba sipèvizon Biwo Chèf Lemuel M. Srolovic. Biwo pou Pwoteksyon Anviwònmantal an se yon pati nan Divizyon Jistis Sosyal, ki anba sipèvizon Pwokirè Adjwen Jeneral Meghan Faux ak Premye Pwokirè Adjwen Jeneral Jennifer Levy.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)